# МАЛЪЕ, ЭБЕЛ, АВАР МАЦI




**ИСАНА 15 абилеб нухалда кIодо гъабулеб буго, 1952 соналъул 21 февралалда Бангладешалъул Дакка шагьаралда жидер гIагараб мацI-Бенгали, пачалихъияблъун гьаби тIалабгун демонстрациялде рахъарал студентал полициялъ чIвай ракIалде щвезабиялъул мурадалда ЮНЕСКОялъул Генералияб конференциялъ халкъазда гьоркьосеблъун лъазабураб Рахьдал мацIалъул къо.**

Гьеб кIодо гьабизе Хасавюрт шагьаралъул 13 школалде данделъун рукIана тIадегIанал ва хасаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул заведениязул, школазул вакилзаби, шагьаралъул администрациялъул хIалтIухъаби, гIелмуялъул, искусствоялъул, адабияталъул ва маданияталъул хIаракатчагIи жанире рачараб къокъа.

РикIкIен гIемерал трибунаялдасан кIалъалез кIвар бугеб хабар бицунеб букIаниги, шагьаралъул 12 школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Майсарат Шагьрудиновалъ цIалараб кIочIодасан «Малъе, эбел, авар мацI» абурал рагIабаз киналъулго магIна жанибе бачунеб букIанилан рикIкIине бегьула.

Хасго, цо-цо умумуз шагьаралда яшавун ругезул билалде цебе, гIатIидго школаздагун жамгIиял гIуцIабазда гьоркьоб лъун, гIедегIичIого, киналго предложениязул хIасил гьабизе ккелин.

Дагъистаналъул гуребги, Северияб Кавказалдаго гIумру гьабулел киналго миллатазул вакилзабаз яшав гьабулеб шагьаралда миллиял гьоркьорлъаби щула гьариялъул кIвар бичIчIуларев чи гьечIин, амма миллат бокьи миллатчилъи кколарин, жиндирабго бокьулалрес мадугьаласулалъул адабги цIунуларин, миллаталъ инсанасул гуреб инсанас миллаталъул къадру борхизабулин абулаго, кIалъай лъугIизабуна гьес.

Данделъаразда байрам баркун кIалъазе рахъаразда гьоркьор рукIана шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник Руслан Ибрагьимовги, лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул комитеталъул председатель ХIажи Абакаровги.

Рахьдал мацIалъул къо шагьаралда, къагIида хIисабалда, щIикIкIараб кIваргун кIодо гьабулелъул, ва ахирал соназ гьенив гIахьаллъизе щун букIиналъ, исанасеб тадбир цебеялде дандеккун, гIуцIиялъул рахъ хIисабалде босун батIияблъун бихьулеб букIана.

ГIодор чIаразда чIалгIунел, къватIире рахъиналде сундул ахIулелъул, данделъараз гьезул тIаде рахъун, хъат кьабиялдалъун хIурмат гьабуна.

Узухъда, рахьдал мацIалъул хIурматалда тадбирал гьари, гьелдехун гIолилазул рокьи бижизаби кIвар бугеб иш ккола. Гьеб рахъалъ гIаммаб лъай кьеялъул школазда, бицен гьабулеб Хасавюрталдаго гIадин цоги- вахъунелъул.

Цоги, гьебго Хасавюрт шагьаралъул цо школалда адабияталда бухьинабун тIобитIулеб тадбиралда, магIарул шагIирасда аскIове вачIана, гьес хъварал асараздасан гIуцIараб тIехьги кодоб ккун, жиндие гьаниб хъвайхъвай гьабеян, цо цIалдохъан.

ГIалиев, Рамазан ГIабдулатIипов ва нус-нус цогидалги нилъер миллат машгьур гьабурал магIарулал?

Расул ХIамзатовасул «Авар мацI» абураб кочIолъа хадур рехсарал мухъал цIаличIев магIарулав ватилин кколаро.

**Щай дие къваригIун**
**бугеб Дагъистан,**